



## ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU ESPÒ AK LWAZI PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19

### Lè w fin li dokiman sa a, ou kapab afime anba li.

Nan dat 18 jen 2020

#### Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwovizwa sa a pou Espò ak Lwazi pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Enstriksyon Pwovizwa pou Espò ak Lwazi pou COVID-19") te kreye pou bay pwopriyetè/operatè biznis espò ak lwazi/lig/òganizasyon ak anplwaye yo, ansanm ak patwon/jwè/espektatè yo, prekosyon yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 la.

**Direktiv sa a antre an vigè imedyatman pou aktivite lwazi andeyò, ki gen fèb risk ke yo pèmèt nan tout eta a, jan Empire State Development Corporation detèmine:**

- tenis;
- itilizasyon ak lokasyon bato san motè, tankou bwa fouye, kayak, kannòt;
- gòlf ak seksyon pou pratike gòlf, eksepte gòlf an minyati (mini gòlf), ak sèvis restoran ak vant an detay ki sijè ak restriksyon ki aktyèlman an vigè nan rejyon an;
- jwèt rakèt, tankou badminton, rakèt bòl;
- je de lans/bòl, tankou lansman fè a cheval, petank, beanbag toss (lans boul a gren), kwokèt;
- je de disk volan, tankou gòlf disk ak frizbi;
- jwèt palèt;
- kous ayeryèn (nan kab);
- kous a kòd, enkli kous a kòd ayeryèn;
- kaj pou moun frape boul;
- espas jwèt tire; ak
- kou natasyon ak enstriksyon sou natasyon.

**Pou tout lòt espò ak aktivite lwazi ki dekri nan dokiman sa a, direktiv sa a antre an vigè nan dat 6 jiyè 2020 nan rejyon ki te rive oswa depase Faz 3 nan reouvèti Eta a.** Rejyon yo ki poko rive nan Faz 3 a nan dat 6 jiyè 2020 an limite a sèlman aktivite lwazi anplennè, ki gen fèb risk otobis la nan tout eta a, jan yo detèmine pa ESD, jiska dat sa ke rejyon an pral rive nan Faz 3.

Direktiv sa yo aplike pou aktivite espò ak lwazi ki pa pwofesyonèl ak ki pa lye ak kolèj (egzanp espò jèn yo), ki enkli espò ak lwazi andedan ak anplennè, ansanm ak espò ak lwazi ki òganize epi ki pa òganize.

Direktiv sa yo aplike tou pou aktivite espò ak lwazi ki fèt pa sant jimnaz, sant kondisyonman fizik, etablisman fòmasyon, ak lòt etablisman ki gen rapò yo. Sepandan, sant jimnaz, sant kondisyonman fizik, ak lòt etablisman konsa yo limite a pa plis patisipan pase sa yo pèmèt anba restriksyon sou rasanbleman ki pa esansyèl ki anvigè pou rejyon yo; ak sant jimnaz, sant kondisyonman fizik yo ak lòt etablisman yo entèdi pou fè aktivite anndan nan moman sa a. Gen lòt direktiv sou sant jimnaz ak kondisyonman fizik k'ap vini pou konplete direktiv sa yo.

Direktiv sa yo pa aplike pou etablisman fòmasyon espò pwofesyonèl, ke "Direktiv Pwovizwa pou Etablisman Fòmasyon Espò Pwofesyonèl Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la" (Interim Guidance for Professional Sports Training Facilities During the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la adrese.

Direktiv sa yo se egzijans minimòm sèlman ak prekosyon adisyonèl oswa restriksyon ke yo ogamante yo ke operatè a ka petèt mande. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak aktivite espò ak lwazi. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite espò ak lwazi ak/oswa Plan Sekirite Sit.

## Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 ma 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan rekòmandasyon Empire State Development Corporation (ESD) yo, pa te gen restriksyon sou aktivite an pèsonn nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak san danje ke DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize operatè/mèt biznis yo avèk diskresyon pou refize rantre moun ki pa respekte kondisyon pou kouvri figi yo oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan divès rejyon New York. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH ak ESD pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

## Nòm pou Aktivite Espò ak Lwazi Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite espò ak lwazi ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite espò ak lwazi ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifye pa Eta a. Pou espò ak lwazi òganize, pwopriyetè/operatè biznis espò ak lwazi/lig/òganizasyon, oswa yon lòt pati kòm operatè a ka petèt dezinye (nan nenpòt ka, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo. Pou espò ak lwazi ki pa òganize, moun yo ta dwe swiv direktiv sa yo, kote li aplike pou aktivite pa yo.

Rekòmandasyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

## I. Moun

### A. Klasifikasyon Espò yo

- Kapasite pou patisipe nan espò ak aktivite lwazi yo detèmine pa yon konbinezon risk pou transmisyon COVID-19 (1) ki ineran ak aktivite espò oswa lwazi a an limenm epi (2) ki asosye ak "kalite jwèt la" (eg pratik endividyèl vs jwèt la).
  - Aktivite espò ak lwazi yo klase kòm "risk ki pi fèb", "risk modere", ak "risk ki pi elve".
    - Aktivite espò ak lwazi **risk ki pi fèb** yo karakterize pa:
      - Pi gwo kapasite pou kenbe distans fizik ak/oswa kapasite pou pèfòme endividyèlman;
      - Pi gwo kapasite pou (1) evite manyen ekipman pataje, (2) netwaye ak dezenfekte nenpòt ekipman apre chak itilizasyon ant diferan moun, oswa (3) pa itilize ekipman pataje ditou; ak
      - Kèk egzanzp sou aktivite espò ak lwazi yo enkli:
        - kous endividyèl,
        - kaj pou moun frape boul,
        - lachas/tire/tire flèch,
        - gòlf,
        - mini-gòlf,
        - Bato san motè, tankou bwa fouye, kayak, kannòt,
        - tenis senp,
        - grenpe wòch,
        - naj endividyèl,
        - ekipaj endividyèl,
        - kous anplennè,
        - je de lans/bòl, tankou lansman fè a cheval, petank, beanbag toss (lans boul a gren),
        - je de disk volan, tankou gòlf disk, frizbi,
        - kou kòd, ak
        - lòt aktivite espò ak lwazi ki gen kapasite similè pou kenbe distans fizik ak/oswa limite ekspozisyon ak ekipman pataje anvan menm yo netwaye ak dezenfekte ekipman sa yo.

- Aktivite espò ak lwazi ki gen **risk modere** yo karakterize pa:
  - Kapasite limite pou kenbe distans fizik ak/oswa kapasite pou li fèt endividyeleman;
  - Kapasite limite pou: (1) evite manyen ekipman pataje, (2) netwaye ak dezenfekte ekipman apre chak itilizasyon ant diferan moun, oswa (3) pa itilize ekipman pataje ditou; ak
  - Kèk egzanp sou aktivite espò ak lwazi yo ki gen risk modere yo enkli:
    - bezbòl,
    - sòftbòl,
    - tenis doub,
    - jwèt rakèt, tankou badminton, rakèkbòl,
    - jwèt nan dlo (water polo),
    - jimnastik,
    - hockey sou gazon,
    - lakwòs san kontak,
    - relè natasyon,
    - foutbòl,
    - ekipaj ki gen de oswa plis ramè nan koki a,
    - kondwi kannòt,
    - pentbòl, ak
    - lòt aktivite espò ak lwazi ki gen kapasite similè pou kenbe distans fizik ak/oswa limite ekspozisyon ak ekipman pataje anvan menm yo netwaye ak dezenfekte ekipman sa yo.
  
- Aktivite espò ak lwazi ki gen **risk ki pi elve** yo karakterize pa:
  - Omwen kapasite pou kenbe distans fizik ak/oswa kapasite pou li fèt endividyeleman;
  - Omwen kapasite pou: (1) evite manyen ekipman pataje, (2) netwaye ak dezenfekte ekipman apre chak itilizasyon ant diferan moun, oswa (3) pa itilize ekipman pataje ditou; ak
  - Kèk egzanp sou aktivite espò ki gen risk ki pi elve yo enkli:
    - foutbòl (ameriken),
    - lit,
    - hockey sou glas,
    - Rugby,
    - baskètbòl,
    - lakwòsak kontak
    - volebòl,
    - aplodisman konpetitif & gwoup dans, ak
    - lòt aktivite espò ak lwazi ki gen kapasite similè pou kenbe distans fizik ak/oswa limite ekspozisyon ak ekipman pataje anvan menm yo netwaye ak dezenfekte ekipman sa yo.
  
- Risk "kalite jwèt" yo ka jeneralman defini nan spèk ki apre a soti nan risk ki pi piti pou nan risk ki pi elve:
  - Fòmasyon oswa aktivite nan gwoup endividyeleman oswa ki distanse (egzanp egzèsis baskètbòl, gòlf, grenpe wòch),
  - Antrènman gwoup òganize ki pa gen kontak / ti kras kontak (pa egzanp, kan ak klinik espò),
  - Pratik ekip konpetitif,
  - Jwèt, rankont, match, lit (pa egzanp, lig òganize, espò rekiperasyon), epi

- Tounwa konpetitif nan plizyè jwèt, rankont yo, match yo, oswa jwèt ki egzije vwayaj.
- Antre an vigè imedyatman epi an akò ak direktiv sa a, aktivite lwazi ki gen fèb risk ki mansyone pi wo a ke yo otorize anndan nan tout eta a, jan sa detèmine pa ESD, ka patisipe nan tout kalite jwèt, eksepte tounwa konpetitif ki egzije pou vwayaje
- .Entre an vigè 6 jiyè 2020 nan rejyon ki te rive oswa depase Faz 3 nan reouvèti Eta a ak an akò ak direktiv sa a, patisipan yo nan aktivite espò ak lwazi ki gen risk ki pi fèb ak modere ka patisipe nan tout kalite jwèt, eksepte tounwa konpetitif ki egzije pou vwayaje. Patisipan yo nan aktivite espò ak lwazi ki gen risk ki pi elve yo ka sèlman patisipe nan fòmasyon gwoup endividyèl oswa ki distanse ak fòmasyon gwoup òganize san kontak/fèb kontak.

## B. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire ke pou nenpòt ki espò andedan kay oswa aktivite lwazi, kapasite limite a sèlman pa plis pase 50% kapasite maksimòm pou yon zòn patikilye jan yo etabli nan sètifika okipasyon an, ki anlwaye yo ak kliyan/jwè/espektatè yo.
  - Pati Responsab yo dwe limite espektatè yo a pa plis pase de espektatè pou chak jwè.
- Pati Responsab yo dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami moun yo tout tan, kèlkeswa anndan oswa anplennè sof si sekirite aktivite prensipal la (egzanp antredman, jwe) egzije yon distans ki pi kout. Si yon distans ki pi kout obligatwa, moun yo dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab, sòf si jwè yo pa kapab tolere yon konvèti vizaj pou aktivite fizik la (eg, antredman, jwe); depi ke, sepandan, ke antrenè, fòmateur, ak lòt moun ki pa angaje dirèkteman nan aktivite fizik yo egzije yo mete yon kouvèti vizaj.
  - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anlwaye nan biwo kontwòl oswa biwo randevou yo kenbe sis pye distans ak lòt anlwaye ak kliyan/jwè/espektatè, sof si gen yon baryè fizik ant anlwaye a ak lòt moun (yo). Nenpòt ki lè anlwaye yo kominike avèk kliyan/jwè/espektatè yo (egzanp biwo randevou), yo dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab.
  - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
  - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo ta dwe aplike opsyon peman sa kontak oswa peye davans oswa rezève opsyon pou kliyan/jwè yo itilize, lè sa disponib. Pati Responsab yo ta dwe diminye manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe modifiye dispozisyon yo yon fason pou moun yo rete omwen sis pye distans nan tout limit ki posib, patikilyèman pandan egzèsis sou tèren yo, ak lòt aktivite pratik yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke anlwaye yo itilize kouvèti vizaj yo lè yo kominike avèk kliyan/jwè/espektatè yo, kèlkeswa distans fizik lan.
  - Pati Responsab yo dwe rezève espas adekwa pou anlwaye ak kliyan/jwè/espektatè pou yo deplase nan etablisman an oswa nan zòn nan, konsidere distans sosyal apwopriye; sa ka enkli men pa limite ak kreye yon liy a sans inik, reyaranje fliks sikilasyon, oswa otremman sèvi avèk altènatif kès anrejistrez/biwo randevou.

- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (paregzanp dèyè kès, nan zòn ekipman yo), pa plis pase yon moun alafwa, sòf si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, menm si yo mete kouvèti vizaj, pa dwe gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan.
- Pati Responsab yo dwe afiche siyalizasyon ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan anndan pou pou anplwaye yo ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz. estasyon antre/soti, estasyon tè depistaj sante, sal repo, zòn kontwòl ekipman, zòn kès anrejistrez yo, vesyè elatriye).
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè sit la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou yon lye oswa kad travay, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Siyalizasyon an ta dwe itilize pou raple moun pou l:
  - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
  - Byen sere e, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
  - Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
  - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
  - Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
  - Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
  - Rete lakay ou si ou pa santi w byen.
- Pou espektatè yo, mezi sekirite adisyonèl sa yo aplike:
  - Pou evènman espò yo (egzanp jwèt), Pati Responsab yo dwe limite espektatè yo a de espektatè pou chak jwèt.
  - Pati Responsab yo dwe asire espektatè yo kenbe sis pye distans fizik ant moun yo ak/oswa inite fanmi/manm fanmi tout tan epi tout espektatè dwe mete kouvèti vizaj lè yo nan zòn komen yo ak nan sitiasyon kote sis pye distans lan pa kapab kenbe, toutotan yo gen plis pase de zan epi medikalman ki kapab tolere kouvèti vizaj sa.
    - Pati Responsab yo ka fasilite distans apwopriye atravè itilizasyon mak sou tè a oswa zòn syèj yo ak lòt siyalizasyon.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke, nan mitan tout espektatè yo, pa gen okenn gwoup endividyèl ki depase limit rasanbleman ki an plas kounye a pou rejyon an.
    - Pati Responsab yo ka fasilite tay rasanbleman ki apwopriye atravè itilizasyon siyalizasyon ak/oswa anplwaye pou asire gwoup yo okouran epi konfòme yo ak direktiv yo.

### C. Rasanbleman nan Espas Fèmèn

- Antite ki Responsab yo ta dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (egzanp reyinyon anplwaye yo, sal depo yo) nan tout mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd tankou konferans vnan ideyo oswa telefòn nenpòt lè sa posib, konfòmman ak direktiv CDC "Direktiv Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Planifye epi Fè Entèvansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Pati Responsab yo ta dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo sote yon chèz) oswa mete kouvèti vizaj ki apwopriye yo.

- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: poz kafe, repa, ak kòmansman/fen orè travay.)
- Pati ki responsab yo ta dwe konsidere repati orè a pou kliyan/jwè yo ak/oswa ekip yo pou yo itilize etablisman yo.

#### D. Aktivite sou Sit la

- Pou aktivite espò ak lwazi ki ka enplike entèraksyon gwoup:
  - Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo itilize kontwòl adistans (sou Entènèt oswa nan telefòn) lè sa aplikab (egzanp kous ezève yo, tan tee yo).
  - Pati Responsab yo ta dwe dekouraje pataj ekipman ant kliyan/jwè yo, sof si yo kapab netwaye ak dezenfekte ant itilizasyon yo.
  - Pati ki responsab yo ta dwe dekouraje anplwaye yo ak kliyan/jwè/espektatè pou yo pa fè kontak men nan men, sof si li antre nan kad aktivite espò oswa aktivite lwazi a (egzanp bay lamèn, bay lamèn ak senk dwèt, kore, akolad).
    - Konsilte direktiv "Konsiderasyon pou Espò Jèn yo" (Considerations for Youth Sports) ki soti nan CDC a.
- Pou teren gòlf yo ak pratik yo, Pati Responsab yo ta dwe asire jwè yo respekte mezi sekirite adisyonèl sa yo:
  - Limite tan tee yo a kat jwè yo, eksepte pou manm ki soti nan menm kay la;
  - Mete restriksyon sou itilizasyon charyo gòlf pou kavalye senp yo oswa pou manm ki soti nan menm fanmi/kay sèlman, sof si yo mete anplas yon baryè fizik ki pa antrave vizibilite oswa operasyon charyo a. Netwayaj ak dezenfeksyon obligatwa ant itilizasyon chak pati;
  - Kenbe sak gòlf la an posesyon, lè sa posib;
  - Konsidere sèvi avèk kontwòl adistans, ak rezèvasyon tan tee yo davans (pa Entènèt oswa telefòn);
  - Trete peman frè vèt la nan yon fason ki pa gen kontak nan moman jwèt la atravè kat kredi ak kat debi sèlman (egzanp pa sèvi ak okenn lajan kach) nan limit ki posib; kous yo ta dwe fè efò pou kolekte peman telefòn davans;
  - Entèdi itilizasyon rato abri yo (eksepte a panplwaye/anplwaye antretyen), machin alave boul yo, ak glasyè dlo yo;
  - Otorize pwofesyonèl gòlf yo sou pakou a, depi yo pa manyen jwè yo epi yo kenbe sis pye distans out tan, sof si yo mete yon kouvèti vizaj oswa separe pa yon baryè fizik;
  - Entèdi itilizasyon komen tee/fèy nòt/kreyon /makè boul ant moun ki pa fè pati manm fanmi an, sof si yo netwaye ak dezenfekte atik sa ant itilizasyon an;
  - Sèlman pèmèt lokatè klèb ak ekipman si yo netwaye ak dezenfekte anvan ak apre itilizasyon jwè yo; ak
  - Afiche mesaj ak siyalizasyon etablisman pou reflekte règleman pwovizwa sou itilizasyon yo.
- Pou aktivite lwazi nan bato san motè yo (egzanp kayak, kanòt), mezi sekirite adisyonèl sa yo aplike:

- Pati Responsab yo ta dwe avize kliyan yo pou yo kenbe sis pye distans fizik ant youn ak lòt, eksepte pou manm ki siti nan menm fanmi an oswa nan menm kay la.
- Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte ekipman ant chak lokasyon (jan sa aplikab).
- Pou klas kondisyon fizik anplennè yo (eg, yoga), mezi sekirite adisyonèl sa yo aplike:
  - Pati Responsab yo dwe limite tay klas yo dapre restriksyon sou rasanbleman sosyal ki anvigè nan rejyon an.
  - Pati Responsab yo dwe asire kliyan yo kenbe yon distans sis pye youn ant lòt ak an enstriktè klas la (yo).
  - Pati Responsab yo dwe entèdi aktivite ki gen risk ki pi elve yo kote yo pa ka toujou evite kontak fizik (tankou, amasyal, bòks), epi yo ta dwe dekouraje ajisteman pratik nan klas yo (eg, yoga, Pilat), sof si sa nesèsè pou bese yon risk sante oswa yon risk sekirite.
  - Pati ki responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou yo pote pwòp ekipman pa yo (tankou matla yoga yo), oswa netwaye ak dezenfekte ekipman ki disponib pou kliyan yo apre chak itilizasyon.
  - Pati Responsab yo ka chwazi mete anplas "orè" pou fè egzèsis kote moun yo enskri pou lè ki deziyen pou patisipe nan klas yo epi konstui ekip ki rete konsistan (sètadi menm gwoup moun nan fè egzèsis ansanm chak fwa).
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak ant moun ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
  - ajiste orè lye travay la;
  - redui mendèv ki sou plas la pou satisfè rekòmandasyon sou distans sosyal yo;
  - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
  - aktivite pa gwoup, kote sa posib, pou anplwaye yo ka konfòme yo ak distans sosyal;
  - devlope pwotokòl pou itilize ekipman biwo komen san danje tankou telefòn ak radyo, machin fotokopi, enprimant, anrejistrez, elatriye; ak/oswa
  - entèdi itilizasyon ekipman espòtif pataje ki pa ka netwaye ak dezenfekte ant itilizatè endividyèl yo.
- Pati Responsab yo ta dwe ajiste lè yo si nesèsè pou pèmèt pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon amelyore, dapre direktiv DOH, "[Direktiv Jeneral COVID19 pou Netwayaj ak Dezenfeksyon pou Anviwònman ki pa Sant Sante](#)" (COVID-19: General Guidance for Cleaning and Disinfecting for Non-Health Care Settings).
- Pati Responsab yo ta dwe aplike tan vizit espesifik lè yo pibliye konfimasyon rezèvasyon yo (egzanp lè kwonometre ak sòti) pou kliyan/jwè/espektatè pou repati arive ak depa yo ak pou evite foul moun.
- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwole sikilasyon k'ap antre nan etablisman an pou garanti respè egzijans yo sou kantite moun maksimòm.

## E. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe mete an plas mezi pou redwi sikilasyon apye nan de sans pou kliyan/jwè/espektatè yo k'ap mache nan espas la nan sèvi avèk baryè, tep, oswa siy ak flèch sou twotwa yo, sant, ale, oswa koulwa yo.
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.



- Pati Responsab yo ta dwe fè aranjman espas datant yo(egzanp liy, espas pakin yo) pou maksimize distans sosyal pami kliyan/jwè/espektatè yo epi diminye entèraksyon ak lòt moun nan espas la.
- Pati Responsab yo dwe asire ke kesye a oswa moun k'ap pran tikè a mete yon kouvèti vizaj lè li kominike avèk nenpòt kliyan/jwè/espektatè. Pwosesis sa a ta dwe san kontak nan limit ki posib.
- Pou livrezon machandiz oswa ekipman, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan machin pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsònèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (paregzanp ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz (paregzanp pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo dwe swiv direktiv sèvis manje ki aplikab nan rejyon yo pou nenpòt ki aktivite sèvis manje.
- Pati ki responsab yo dwe swiv direktiv vant an detay ki aplikab nan rejyon yo pou nenpòt ki aktivite sèvis vant an detay.
- Pati Responsab yo dwe swiv direktiv travay ki baze nan biwo ki aplikab nan rejyon yo pou nenpòt ki aktivite sèvis travay ki baze nan biwo.
- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite moun k'ap mache, kouri, ak randone nan nenpòt ki moman pa, egzanzp, afiche siyalizasyon k'ap raple moun yo pou evite rasanbleman an gwoup yo.

## II. KOTE

### A. Ekipman Pwoteksyon

- Pati Responsab yo dwe asire moun ki p ap patisipe nan aktivite espò oswa lwazi yo (pa egzanzp antrenè, espektatè yo) mete kouvèti vizaj ki apwopriye lè yo a mwens pase sis pye lòt moun, sof si gen baryè fizik. Anplis de sa, anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj nenpòt lè yo kominike avèk kliyan/jwè/espektatè, kèlkeswa distans fizik la.
- Anplis de PPE nesesè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab, epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanzp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
  - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzanzp kouvèti vizaj. Yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo.

- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo sèvi avèk pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe etabli mezi pou limite pataj objè, tankou ekipman ak veyikil ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou kès anrejistrez; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

## B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire yo yo respekte egzijans netwayaj ak dezenfeksyon ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen ladan yo dat, lè ak espas k ap netwaye ak dezenfekte a.
- Pati Responsab yo dwe bay ak kenbe pòs ijyèn men sou plas, konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo tyèd nan wobinè, ak sèvyèt papye dispozab.
  - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
    - Yo we mete dezenfektan pou men yo nan tout sit la pou anplwaye yo ak kliyan/jwè/espektatè yo itilize. Yo ta dwe mete li nan yon kote pratik tankou nan pwen antre/sòti yo.
  - Pati Responsab yo dwe mete panno ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak uit èdtan, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri konsilte "Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwiksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
  - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
    - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
  - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan ki legal, ki gen ladan omwen osi souvan ke travayè yo chanje estasyon travay oswa

deplase ale nan yon nouvo seri zouti. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.

- Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl, ekipman oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye ak patwon/jwè k'ap itilize ekipman oswa machin sa a.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka pozitif COVID-19 yon travayè, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp ekipman pataje, kès anrejistrez, machin, veyikil, men kourant, twalèt pòtab).
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
  - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
    - Pati Responsab yo pa nesèsman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
  - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
  - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
  - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
  - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
    - Travayè ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
    - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
  - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pou aktivite gen manyen objè pataje (egz: aparèy pèman), espas (egz: espas ramasaj), ak/oswa sifas (egz: pòt), Pati Responsab yo dwe asire ke espas ak objè sa yo netwaye ak dezenfekte chak jou, o minimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi anplwaye pa yo pou yo pa pataje manje ak bwason (paregzanp bifè), ankouraje yo pote manje sòti lakay yo, epi rezève kont espas pou anplwaye yo respekte distans sosyal pandan y'ap manje.

### C. Re-ouvèti pa Faz

- N ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab

yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan/jwè/espektatè ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyonman an kapasite ajiste a chanjman yo.

#### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri an, epi yo pral aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon an patenarya ak òganizasyon kominotè yo, lig yo, elatriye pou anplwaye ak kliyan/jwè/espektatè yo ki ladan li enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen konsistan pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan/jwè/espektatè yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nsn sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj lè distans sosyal sis pye a pa ka kenbe, atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò tout lokal vann an detay la pou raple responsab ak kliyan/jwè/espektatè pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon.

### III. PWOSIS

#### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye yo epi, kote sa posib, pou vandè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou anplwaye yo oswa pou kliyan/jwè/espektatè yo. Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo ofri depistaj sante fakiltatif pou kliyan/jwè/espektatè yo.
  - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
  - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
  - O minimòm, yo dwe egzije depistaj tout anplwaye yo ak konplete yon kesyonè ki detèmine si anplwaye a te:
    - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki genyen oswa ki te gen sentòm COVID-19 pandan 14 jou ki sot pase yo;
    - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
    - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo.
  - Ale nan direktiv CDC sou "Sentòm Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus), pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19.

- Pati responsab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa.
- Pati Responsab yo yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati pou anplwaye yo ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan sit la. Manm pèsònèl la k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.
- Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon mask pou figi, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon ekran pou figi.
- Yon anplwaye ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo ta dwe pa gen aksè pou antre nan espas travay la e yo ta dwe voye l lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste. Pati ki responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta a ak lokal yo sou nenpòt ka pozitif.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo ta dwe idantifye yon pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a dwe idantifye tou kòm pati pou travayè yo ak kliyan/jwè/espektatè yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.
- Pati Responsab yo dwe deziye yon espas sekirite minè kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la.
  - Pwen kontak yo idantifye a dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab ta dwe kenbe yon jounal pou chak moun, ansanm ak pou anplwaye yo, ki ka gen kontak sere ak lòt moun nan sit la; san nou pa konte kliyan/jwè/espektatè yo ak livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch depatman sante eta ak lokal yo.
- Pati Responsab yo gen dwa ofri ak kenbe yon opsyon pou kliyan/jwè/espektatè yo bay non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo ak kontakte yo lè y'ap retrase kontak, si sa nesèsè. Pati Responsab yo pa gen dwa egzije pou kliyan/jwè/espektatè yo kite enfòmasyon yo epi yo pa gen dwa egzije idantifikasyon anvan yo bay sèvis ni refize sèvis si idantifikasyon pa obligatwa.

## B. Retrased ak Suiv

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan sit yo a mete yo okouran yon rezilta tè COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon moun ki antre nan sit la teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante eta a ak lokal yo pou trase tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante eta a ak lokal yo de tout anplwaye, vandè ak lòt moun ki te antre nan sit la nan dat 48 èdtan avan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan, men kenbe sekre jan lwa ak regleman federal ak eta a egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwaye yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

## IV. PLAN OPERATÈ YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

### Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Pou direktiv jeneral sou evalye risk, pwomote konpòtman ki diminye pwopagasyon, kenbe operasyon ak anviwònman ki an sante, ak prepare pou lè yon moun vin malad, al gade [Konsiderasyon pou Espò Jèn yo](#) koi soti nan CDCD a.

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

### [Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:](#)

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>